



Pou Piblikasyon Imedya: 08/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU ENSKRI KÒM DONATÈ ÒGÀN NAN JOUNEN ENSKRIPSYON DONATÈ ÒGÀN ANYÈL NEW YORK LA

Depi lè nouvo inisyativ la te kòmanse nan ane 2015

Gen plis pase 9,000 Nouyòkè k'ap tann yon transplantasyon ki ka sove lavi yo

Nan Jounen Enskripsyon Donatè Ògàn (Organ Donor Enrollment Day) Eta New York la, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te ankouraje rezidan Eta New York pou yo enskri kòm donatè ògàn atravè Rejis Bay Lavi (Donate Life Registry) Eta New York la. Kòm pandemi COVID-19 la te afekte tout zòn yo nan sistèm swen sante a, ki gen ladan don ògàn, Rejis Bay Lavi NYS se yon fason san danje epi fasil pou Nouyòkè yo enskri pou vin yon donatè ògàn epi bay yon moun yon dezyèm chans nan lavi a.

"Kòm n'ap kontinye batay kont COVID-19 la, nou gen yon opòtinite yon lòt fwa ankò pou demontre lanmou fòmidad ak jenewozite New York nan ankouraje Nouyòkè yo vin donatè ògàn, sa k'ap sove plis lavi nan pwosis la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Malerezman, pandemi an te lakoz yon bès nan don ògàn yo, e avèk anpil transplantasyon (grefaj) ògàn ke yo ap tann pou sove lavi, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo vin donatè ògàn epi rantr nan Rejis Bay Lavi NYS la."

Pandan ke pifò moun ki gen COVID-19 refè konplètman, gran moun aje yo ak moun ki gen ki konplikasyon medikal ki te egziste deja yo pi a risk pou yo soufri domaj nan poumon yo ak nan lòt ògàn tou, ki ogmante bezwen pou donatè ògàn yo.

Gen plis pase 9,000 Nouyòkè ki pami 108,675 Ameriken ki aktyèlman ap tann yon transplantasyon ògàn, selon Rezo Ameriken pou Akizisyon ak Transplantasyon Ògàn (U.S Organ Procurement and Transplant Network). Plis pase 400 Nouyòkè mouri chak ane paske yo pa ba yo ògàn yo bezwen an atan, selon (Rejis) Bay Lavi NYS la. Dapre administrasyon federal Resous Sante ak Sèvis (Health Resources and Services Administration), nasyonalman, gen 22 moun chak jou ki mouri pandan ke yo ap tann yon yon transplantasyon ki koresponn.

Chak nèf minit, yo ajoute yon moun nan lis datant lan, men yon sèl donatè ka sove jiska uit lavi epi geri 75 atravè don tisi ak don kòne. Nenpòt New Yorkè ki gen 16 zan oswa plis elijib pou enskri nan Rejis la. Gen apeprè 41 pousan nan rezidan Eta New York yo ki kalifye pou enskri pou vin donatè ògàn nan Rejis la.

Komisè Depatman Sante Eta, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Menm pandan ke New York devan liy lan nan batay kont pandemi COVID-19 la, n'ap travay di pou ankouraje moun yo vin donatè ògàn, je ak tisi. Vin yon donatè ògàn se yon desizyon ki pa sèlman sove lavi moun, men li bay moun k'ap tann yon transplantasyon yon chans renouvle pou yo viv yon lavi aktif".

Komisè Depatman Veyikil ak Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a, Mark J.F. Schroeder te deklare, "Pa gen pi gwo kado pase kado lavi a. Nou fyè ofri kliyan nou yo yon chans pou enskri pou yo vin donatè ògàn e nou espere tout Nouyòkè yo pral sezi opòtinite pou yo fè sa".

Direktè Egzekitif Donate Life nan Eta New York la Aisha Tator te deklare, "Nou konnen Nouyòkè yo sipòte donasyon ògàn ak tisi anpil, konsa Joune Enskripsyon Donatè Ògàn nan New York la (New York Organ Donor Enrollment Day) sou pwèn pou transfòme sipò sa a an aksyon epi enskri otan donatè ke posib. Mwen konnen efò konbine Bay Lavi Eta New York la, kominote donasyon an, Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ak NYS DMV pral kontribiye anpil pou pote espwa pou dè milye gason, fanm ak timoun k'ap tann yon transplantasyon ki ka sove lavi yo kounye a".

Helen Irving ki se Prezidan epi Direktè Egzekitif Jeneral LiveOnNY lan te deklare, "Nouyòkè yo deja andire anpil ane sa a, men nan moman difisil yo nou toujou reyini pou youn sipòte lòt.

Nou espere Jounen Enskripsyon Donatè Ògàn sa a pral enspire plis moun pou aprann sou pouvwa don ògàn yo epi pou yo diskite sou souwè fen lavi yo. Menm jan mask sove lavi, se konsa donatè ògàn yo ka sove lavi. Ann reyini pou pote espwa pou prèske 10,000 moun nan eta nou an toujou ki toujou ap tann yon transplantasyon".
Ou ka enskri nan Rejis Bay Lavi Eta New York la sou entènèt atravè sitwèb sa yo:

- [Sit wèb](#) Rejis Bay Lavi Eta New York la
- [Sit wèb](#) Depatman Veyikil ak Motè Eta NYS la

An konfòmite avèk "Lwa Lauren an", Kliyan DMV yo ka kontinye enskri tou kòm donatè ògàn nan ranpli seksyon don nan aplikasyon pèmi kondui yo oswa nan aplikasyon pou renouvèlman ID ki pa pou chofè yo. Yo rele Lwa a Lauren Shields, yon rezidan Konte Rockland ki te resevwa yon transplantasyon kè ki sove lavi li pandan li gen 9 ane. Nouyòkè ki enskri pou vote yo ka rantre nan Rejis la lè yo ranpli seksyon sa a nan papye enskripsyon elektè a oswa lè yo ranpli fòmilè sou entènèt [isit la](#). Nouyòkè k'ap chèche asirans sante atravè Espas Mache pou Sante nan Eta New York (NY State of Health Marketplace) ka enskri nan Rejis la isit la tou.

DMV ofri tou yon plak lisans pèsonalize Donate Life pou sansibilize ak sipòte rechèch kritik. Lè yon konsomatè kòmande plak la, gen 20 dola frè anyèl ki vèsè bay "Life Pass It On Trust Fund" (Fon de Konfyans Life Pass It On), ke yo itilize pou don ògàn ak

rechèch grèf ak pwogram edikatif pou fè pwomosyon don ògàn ak tisi. Ou kapab kòmande plak sou sit entènèt DMV a nan [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te siyen yon Dekrè Egzekitif an 2017 ki te bay priyorite pou ogmante kantite donatè ògàn ki anrejistre yo, pandan li envite Depatman Sante Eta a pou travay avèk tout ajans yo nan eta a, Donate Life NYS ak lòt patnè, pou bay piblik la opòtinite adisyonèl pou enskri kòm donatè ògàn atravè Rejis Bay Lavi nan Eta New York la. Nouyòkè yo gen opsyon tou pou yo vin yon donatè ògàn lè y'ap aplike pou divès kalite lisans oswa sètifika nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Deta (Department of State, DOS), oswa Depatman Sante (Department of Health, DOH) a. Moun ka vin yon donatè ògàn tou atravè [Espas Mache Plan Asirans Sante Ofisyèl Sante Eta New York la](#) lè w'ap aplike pou asirans sante, kote gen 246,073 moun ki deja enskri.

Gen plis enfòmasyon konsènan vini yon donatè ògàn disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)